Ассаламу гӀалайкум, казбекалъул жамагӀат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 25 (9819) /1 июль 2019 с. / Итни 27 Шавваль 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




***Государственная автомобильная инспекция (ГАИ) МВД СССР была образована 3 июля 1936 года. С июня 1998 года ГАИ стала Государственной инспекцией по безопасности дорожного движения (ГИБДД) МВД РФ,с июля 2002 года вновь ГАИ.***

### *Уважаемые работники ГАИ (ГИБДД)!*

Ваша работа сложна и ответственна, ведь косвенно от вас зависят жизни людей. Напряжение, недосыпание, возможные конфликтные ситуации делают вашу работу непростой. В этот день хочется пожелать вам терпения, понимания, здоровья, счастья и благополучия.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев.*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов.*

***Райадминистрациялда***

## *Балугълъиялде рахинчӀезул комиссиялда...*



20 июналда районалъул администрациялда тӀобитӀана балугълъиялде рахинчӀел лъималазда гьоркьор ишал гьариялъул ва гьезул ихтиярал цӀуниялъул комиссиялъул данделъи.

Гьелъул хал гьабиялде росарал суалазул аслиявлъун букӀана жидер лъималазул т1алаб - агъаз гьабуларел умумузда тӀад гьарурал протоколазул халгьаби абураб(ст.5.35.ч.1 КоАП РФ).

ГӀилла гьечӀого, дарсазде хьвадуларел (2), къаси кватӀараб гӀужалъ жалго къватӀахъ тирулел (3) ва жамгӀияб хьвада-чӀвадиялде данде кколарел ишал гьарурал (5) лъималазул умумузда тӀад гьарурал протоколазул хал гьабулеб гьеб тадбиралда,районалъул бетӀерасул заместитель ва рехсараб комиссиялъул председатель И.И. Шабазовас абуна:

**«Рфялъул Хъизаналъулаб кодексалда бихьизабухъе, умумузда яги гьел хисулезда тӀадаб буго лъайгун тарбия лъималазе кьеялъе шартӀал чӀезаризе. Нагагь хӀажатал шартӀал чӀезариялъулъ тасамахӀлъи биччани, ихтияр буго умумул яги гьел хисулел административияб жавабчилъиялде цӀазе»**,-ян

Балугълъиялда рахинчӀезда гьоркьор ишал гьариялъул инспектор М. Темирбулатовалъ гьениб абуна: **«Кинаб букӀаниги гӀилла букӀине кколаро, цадахъ ч1ах1иял чаг1и гьечӀого,балугълъиялде рахинчӀел къватӀахъ,ялъуни цоги бакӀазда рук1иналъе.18 соналде рахинчӀел, къаси анцӀгоялдаса радал анлъго тӀубазегӀан,цадахъ чи гьеч1ого, къватӀаздагун цогидал бакӀазда рукӀине бегьуларо.**

**Нагагь гьединал ратани, законалъ ихтияр кьун буго гьезул умумул тамихӀалде цӀазе»**,-ян

*М.-ш. Г1АБДУЛАШИМОВ.*

## *Рагьараб гара-ч1вари*

20 июналда улкаялъул Президент Владимир Путинилгун т1обит1араб рак1 рагьараб гара-ч1вариялде рач1арал суалазулгун хит1абазул къадар бахана 2 миллионалде. Ункъо саг1атгун микьго минуталъ халатбахъараб гара-ч1вариялда президентас 80-ялдаса ц1ик1к1ун суалалъе жаваб кьуна



***Росдал магӀишатазда***

## *БачӀин квешаб гьечӀо*



**«Чапар»** газеталда (№24, 20. 06. 2019с., 3 гьум) хъван букӀана районалъул магӀишатазда хаслихъе культураби ракӀариялъул кампания байбихьиялъул хӀакъалъулъ.

Абизе ккола гьаб соналъул ракъдаллъиялъ хаслихъе культурабазе бицинегӀанасеб зарал гьабичӀин ва гьезул бачӀин квешаб гьечӀин.

Районалъул магӀишатаз росдал магӀишаталъул Управлениялде рачӀарал баяназда рекъон,26 июналде хӀалухъин бакӀарун буго 290 гектаралдаса(ролъ ва пурчӀина) ва гьениса бачӀараб тӀощалил къадар бахуна 595 тоннаялде.

**«Гьудуллъи»** СПКялда 16 гаялдаса бакӀарун буго 32т. пурчӀинадул(цо гаялдаса-20 центнер)

**«БагӀараб Октябрь»** СПКялъул хӀалтӀухъабаз рехсарал культураби ракӀарун руго 200 гектаралдаса.(ролъ-30 га,пурчӀина-170га).БакӀарараб ролъул ва пурчӀинадул къадар гьениб бахунеб буго 410 тоннаялде(340 т.-пурчӀина,70т.-ролъ. Гьоркьохъеб хӀисабалда, цо гектаралдаса гьениб бакӀарун буго 20,5ц.). **«Дылымское»** ГУПалда пурчӀина бакӀарун буго 74 гаялдаса ва гьелъул къадар-153т. Цо гектаралдаса бакӀарун буго 20,7 центнер. Цогидал магӀишатазда бачӀин бакӀаризе жеги байбихьун гьечӀо.

МагӀишатазул хӀалтӀухъабазда ракӀалда буго, гьава-бакъ рекъон букӀиналде балагьун, къокъаб заманалда хаслихъе культураби ракӀариялъул кампания бетӀералде бахъинабизе.

*ГӀ. ГӀАБДУЛМУСЛИМОВ, УСХялъул бетӀерав агроном.*

***Ишахиса лъим***

## *Экскаватор босана*

Гьал къоязда байбихьизе буго Ишахиса лъим бачиналда тӀад хӀалтӀи гьабизе.

Гьелъие, тӀоцебесеб иргаялда,хӀажат букӀараб экскаватор босана ва гьеб **«МичӀчӀил кӀкӀал»** абулеб бакӀалде щвезабуна. Гьелъухъ, росабазул гӀадамаз данде гьабураб гӀарцул, 3 млн.400 азарго гъурущ кьуна.



Экскаватор буго Япониялъул **«Хонда»** фирмаялда гьабураб ва рахсал ругеб. Гьелда хӀалтӀизе вуго араб соналъ чияр экскаваторалда хӀалтӀулев вукӀарав Буртунай росулъа Гъайирбег ГӀалиев. Гьанже цебе чӀараб масъала буго хехго **«Ахъташ»** лъарал бетӀералде трубаби щвезари. Гьелъие хӀажалъула кумек. РакӀалде ккола **«же»**,-ян ахӀарабго, районалъул гӀолилал кумекалъе рахъинин.

*Оргкомитет.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

## ГIунгутIаби тIагIинари мурадалда



Дагъистаналъул бетIерасда цебе гIуцIараб жамгIияб цолъи цебетIезабиялъул ва инсанасул ихтияразул Советалъул председатель, нилъер ракьцояв З.З. Ильясовас къабул гьаруна Избербаш шагьаралдаса гIадамал.Гьесда цадахъ рукIана рехсараб советалъул членал:

**Х.Валиева,Т.Рассохина,Ф.Карибов ва жавабияв секретарь Ш. Дайитмирзаев.**

Тадбиралда гIахьаллъана шагьаралъул бетIер М. Писакъов ва администрациялъул жавабиял хIалтIухъаби.

АбичIого гIоларо,шагьаралъул депутатазул рагIи данде ккунгут1иялъ, гьелъул бюджет жеги къабул гьабун гьечIо ва, гьелда бан, тIуразе тIаде росарал суалал тIурачIого хутIулел руго. Аслияб къагIидаялда,гIадамаз гьенир рорхарал суалазул цояллъун рукIана-лъим чIезабиялъул, рукъзал разе ракь кьунгутIиялъул, бесдалал лъималазе яшавалъе минаби чIезариялъул, къокъ- гьабун абуни, гIадамазе рукIа-рахъиналъе, чара гьечIого, хIажатал шартIал ч1езари.

*И.ИДРИСОВ.*

*Щивго к1очон гьеч1о...*

## ХIалтIи гьечIого, гьев ч1олароан



ВатIанияб рагъда щвараб кIиго гулла чорхолъ бугониги, Хайродин Мирзахановс, хIалтIи гьечIого, чIолароан. Кида балагьаниги, цо щиб букIаниги ишалда гъапуллъун вихьулаан гьев. КIудияб хъизан хьихьизе ккеялъ,чIечIого хIалтIулев ватилин кколаан Хайродин, амма гьеб гьесул масаблъун букIун буго. Доб заманалда росдал цIикIкIунисел гIадамазул чалал рукIана гIурдузул гьарурал, цого Хайродинил мина-свери сверун къан букIана талил сеткаялъ, ва дида гьеб гIажаиблъун бихьулаан. Гьес пастIанир гIезарулаан нилъер гьанир къанагIаталлъун рук1арал пихьал.ТIоцебе гьесул гьениб бихьана дида парник.

Хайродинил лъади Зубайрат кколей йикIун йиго дир эбелалъул классцояй. Гьелъги батила, дир эбел-инсулги гьезулгун бук1ана щулияй гьоркьорлъаби.

Хайродиница абулаан: «**Квер сваказегIан хIалтIе, чехь гIорцIизегIан кванай**»,-ан.

КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи вукIаниги, гьениб ккаратаралъул бицине Хайродиние бокьулароан.

РакIбацIцIадав, захIмат бокьулев, кумекалъе вахъине хIадурав чилъун лъалаан Хайродин росуцоязда.

Лъабкъойилъа тIаде сонал индал гIумруялдаса ятIалъана, гьесул лъади Зубайрат.

Хайродин гIумруялдаса ватIалъана ункъоялда анцIгоялдаса гIумрудул сонал тIаде араб заманалда. Аллагьас гьезул мунагьал чурун ратаги.

*СалихI СалихIов, Гъизилюрт шагьар.*

*22 июнь- ракIалдещвеязул ва пашманлъиялъул Къо*

## РагIаралдаса бихьараб бицине захIмалъула

**ХIалал,хIарам жубан,жагьилъуде ун,**
**Жакъа гIадамазул гIадлу хун буго.**
**Эбел-эмен рихун, хъизан-рукъ кIочон,**
**Чанги лотиясул тавущ ун буго.**

*МахIмуд-Апанди.*

Дол рагъул соназул гIемер бицуна ва хъвала.Гьелъие киданиги ахирги букIине гьечIо. Нилъеда лъала кинаб захIмалъиялда Советияб халкъалъ немцазда тIад бергьенлъи босарабали ва кигIан хираго гьезие гьеб чIарабали. Бергьенлъи босана цохIо яргъил къуваталдалъун гуреб,рагъухъабазул рекIел къвак1иялъ,ВатIаналде бугеб рокьиялъ.Кин батаниги,нилъеда бажаруларо цебеселъеги гьанже бугелъеги къимат кьун.Щайгурелъул,нилъеда рагъ бихьичIо,ракъи лъачIо. **Рагъул лъимал..** Гьеб рагIи абурабго цебе чIола доб заманалъул лъималазул бикъараб талих1аб лъимерлъи. ВатIаналде къо ккараб мехалъ,жидедаго бажарараб хIалтIи гьабуна лъималаз. Гьанже гIумруялъул сонал ункъоялда анцIиде рахаразе жидедаго бихьаралъул бицине захIмалъула, ракIалдещвеяз гьел пашман гьарула.

Дун дандчIвана захIматалъул ветеран, гIумру лъималазул ахалда х1алт1улаго арай Дилим росулъа Вазипат АхIмадовагун. Ккараб гара-ч1вариялда гьелъ бицана:

- Рагъ байбихьараб мехалъ дир букIана микьго сон. ГьитIинай йикIаниги, дида чIахIияз бицунеб бич1ч1унаан ва лъалаан цо кинабалиго хIинкъи бачIун бук1ин. Рагъул магIна бичIч1ичIониги,лъалаан метерисеб къоялъул ургъалида гьел рукIин. Нижее гьукъулаан расандизе, ахIи-хIуралда рукIине. Инсуца бицунаан (дун гьайилелдего) живго Астраханалъул туснахъалде ккеялъул. Доб букIун буго политикаялъулал репрессиязул заман. Инсул вацги кIиго вацгIалги,мацIги кьун, ккезарун руго. Гьезда гIайиб гIунтIизабун буго рохьазда гьачагълъиялда ругин. Гьезие кумек гьабулев вугилан эменги туснахъ гьавуна. Туснахъалда микьго сонги бан, эмен тIадвуссана. Гьесул вацги кIиявго вацгIалги т1ад руссинчIо.Рагъул сонал рукIана захIматал, бихьана ракъи,язихълъи РакIалда буго, дун анцIила кIиго сон барай яс,росдал цогидал руччабазда цадахъ, хIалтIизе йитIараблъи.

Бицунаан Буртунай росулъе шагьранухъ бахъулеб бугилан.Щивасе кьун букIана нух бухъиялъул норма. Дир норма букIана 8 метр. Норма тIубачIого рорчIизе бакIги гьениб букIинчIо. ЗахIматаб ва хIалхьи гьечIеб заман букIана.

ГIадамал гьанже квешал ругин абиларо,щай гурелъул,цереги гьединал г1адамал рукIана. Гьезул мацI - кIалалъ,хIакъикъаб лъазабичIого, гIемерал бихьинал,руччаби туснахъ гьаруна. Доб заманалда, г1адамазда божилъи гьечIолъиялъ,абулеб рагIиялъулъги,гьабулеб ишалъулъги цIодорлъи букIине кколаан.

Гьанже нилъее ретIизеги кваназеги гIунги тIокIаб буго. Аллагьасе рецц, гьаб кIочараб бихьуге нилъеда.Гьанже гIадамазул хьвада-чIвадиялъулъ гIемерал гIунгутIаби руго, гьезда, эбеллъималазда,гIагарлъиялда гьоркьоб гьуинлъи гьечIо. Сверухъ бугелде инсанасул рокьи тIагIунеб буго,пахрулъун, чIухIун лъугьун руго. Щивасул рекIелъ Аллагьас иман лъеги ва илбисалъул нухдаса нилъ рикIкIад гьареги.

*Х1.КАРИМОВА.*

# Баркула!



Гьаб соналъул 1 июлалда 83 сон т1убала унго-унгояв маг1арулав, муг1алим, районалъул «**Чапар**» газеталъе 20-ялдаса ц1ик1 к1ун сонал г1умрудул кьурав, Россиялъул журналистазул Союзалъул член, Гуни росулъа **Мух1амадбег Х1асанович Абулаев** гьавуралдаса.

Абизе к1ола нилъер ч1ах1ияб г1елалда гьоркьов гьев лъаларев чи ватиларин.

Рак1г1ат1идавлъун, махсаро-хоч1 гьабулевлъун ва гьеб бич1 ч1улевлъун, рит1ухълъи бокьулевлъун ва бит1араб раг1и бадибе абулевлъун лъала гьев нилъеда.

Камилаб, бег1ераб раг1ул устар Мух1амадбегица г1адамазде, г1агараб ракьалде, гьелъул т1абиг1аталде г1орхъи гьеч1еб рокьи загьир гьабуна рик1к1ен г1емерал макъалабаздагун куч1 дузулъ. Х1алхьиялда вугониги, г1агараб газеталъул редакциялъулгун гьесул бухьен т1ун гьеч1о.

Баркула Мух1амадбегида гьавураб къо. Гьарула гьесие щулияб сахлъи, рохел, талих1 ва гьарулел ишазулъ бит1ккей.

Гьоркьехун нижеца бахъулеб буго «**Дун ч1ух1арав вуго**» абураб гьесул кеч1.

## Дун чIухIарав вуго

Дун, гIорхъи гьечIого ч1ух1арав вуго,
Гуни росулъ вижун ватиялдаса.
Тарих меседилаб магIарул тIалъи,
Инсул росу бати буго дир талихI.

Дагъистан чIухIарал гIалимзабазул
ВатIан гурищ кколеб гIагараб Гуни?
ГIумру нилъей гIоло кьурал васазулъ
ЦIарал ахIуларищ дир гуниязул?

Дол рагъул сонаца гуниял гурищ
Тушмангун къеркьарал гIетIги биги тIун?
Сталинил квераца баркала хъвараб
Кагъат гурищ бугеб дир росуцояхъ?

Парадалда жинца гали тIамурав
Базаев гуревищ Гуниялдаса?
Террористазда тIад михир бачарав
БахIарчи Арзулум дир росулъ гьечIищ?

Щуго гIелмабазул доктор гIоларищ
Жакъа Гуни росдал къадру борцине?
Гьел хIалтIулел руго Дагъистаналда
Гьелъул гIорхъи бахун къватIирехунги.

Дун жеги тIадеги чIухIарав вуго
ЧIухIараб дир район Казбек бугелъул.
КъоцIулго вохула гьаб щибаб къойил
Дагъистаналдаса дунго вукIиндал.

*Росдал тарих*

# Шабазотаралда буртабазул росу

1917 соналъ, инкъилаб ккун хадусан, **«Капитализмалдаса –Социализмалде»** абураб ах1иялда гъоркь Шималияб Кавказалдаги ккола к1удиял хиса-басиял.

Порт – Петровскиялда (Мах1ачхъала), Дербенталда ч1езабула Советияб власть.

Ва амма большевиказул г1ураб къуват бук1унгут1иялъ, 1917-1918 соназ Дагъистаналда камун рук1унаро гьеб ц1ияб власталде данде ч1аразул къокъаби.

Аслияб къаг1идаялда гьезул дандеч1еялъе бук1араб г1иллалъунги ккола ресалда ругел, бечедал г1адамазе жидерго буголъиялдаса рат1алъизе бокьунгут1и.

Гьедин байбихьараб гьеб граждан рагъалъ жеги ч1унтизабула, гьединги накабазде ккун бук1араб, Дагъистан.

Гьелде т1адеги 1920-21 соназ муг1рузул районазда ккола к1удияб ракъдаллъи.

Лъабго соналъ халатбахъараб граждан рагъалъ ч1унтизабураб Дагъистаналъул халкъ ракъдаллъиялъ жеги ракьанде рехула.

Г1адамаз байбихьула яшав-маг1ишаталъе рахъ -рахъазде гочаризе.

Гьел соназ, тухум-тухум ккун, буратабазги бухьуна г1ат1иракьазде сапар.

Ч1ах1иял чаг1аз бицун нилъеда лъалеб бук1ана, Узунотаралдаги (гьанжесеб Тутурбийхъала) Хасавюрт районалъул Кокрек росдадаги гьоркьоб буртабазул гьит1инабго росу бук1араблъи.

Гьединал росаби рук1анин абулеб буго Яхсаялдаги, Герзелялдаги гьоркьорги, ай, гьанжесеб Ножай-Юрталдаги.

Амма гьезул къадарги тарихги лъалев чи нагагьцин ватулев вук1инч1о.

Тарихчаг1азги, **«Ана-рач1ана»** абурал раг1абаздалъун, гьел росабазул бицен къокъго гьабун тун буго.

Дол нилъеца бицен гьабулел къоабилел соназ Дагъисталъул революционнияб комитеталъ Москваялда лъазабун буго гьадин:

***- Лъабго соналъ халатбахъараб рагъалъ хъарсанлъи реч1 ч1изабуна Дагъистаналда. Муг1рузул росабалъ ругел г1адамаз хер кваналеб буго, лъимал ричулел руго, ригьнал риххулел руго, катан-ххам гьеч1олъиялъ, къехь т1ад рет1улеб буго, ай, руччабиян абуни, толох1очго рук1иналъ къват1ире рахъине рес гьеч1ого, рукъор г1одорч1ун руго.***

***Гьелъул х1асилалда раккун руго бат1и-бат1иял, сахгьаризе к1оларел унтаби, загьирлъулел руго жалго-жидецаго ч1ваялъул х1ужаби ва бугеб властaлдехунисеб мекъаб бербалагьи***ян.

Дир пикруялда гьединаб ах1вал-х1алалъ росу тун араллъун рук1ине ккола Яхсаялдеги, Кокрекалдеги, Нажаюрталдеги буртунаялдаса цо-цо тухумал.

Дагьал церег1ан къояз



дихъе щвана, жиндир мунагьал чураяв, г1емерал соназ Гъизилюрталда яшав гьабун вук1арав Хайрудин Х1айбулаевас Х1амзаюрталда вугев Эльмирзал вас Насирдинихъе 2000 - абилеб соналъ хъвараб кагъат.

Гьелда хъван буго:

***- 1920-21 соназ Буртунай росулъа цо къадар г1адамазул гочана Шабаз абурав лъа раг1ас рехун тараб, Узунтаралда гъоркьехун бугеб авлахъалде.***

***Аслияб къаг1идаялда, гьеб гьит1инабго, 50-60 ц1араки гурони гьеч1еб росулъ яшав гьабун рук1ана «Дондалал», «Ч1илт1ал» ва «Нанулал». Гьезул цоясда ц1ар бук1ана Мух1амад.***

***Гьесул лъималазул лъимал ккола - Г1умарил Бахулав, Саг1дудин, Сайпудин, Насрудин ва Насих1ат.***

***Г1усманил Х1айбула, Г1умарил Отарбика, лъимал: Х1адис, Мужа, Нажу ва, гьединго, Ч1илт1азул тухумалъул Загьил лъимал: Байбулат, Дада, Асланхан, Г1али, Хайрулаева Халумеседо ва гьелъул лъимал: Будайчи, Башир, Нух1бег.***

***Гьениб гьез бет1ербахъиги гьабулаан хуриса бач1араб, ц1оросаролъ, хъарпуз, помидор ва цогидалги росдал маг1ишаталъул культураби г1езариялдалъун. Гьел гьез кьолаан Хасавюрталъул консерваби гьарулеб заводалде ва гьелъухъ гьезие щолаан чакарги бозил хамги.***

***1927 соналъ Шабазотаралда г1уц1ана колхоз. Г1а-***



***дамазул бук1арабщинаб маг1ишат ана колхозалъе.***

***Мунагьал чураяв дир эмен Х1айбула вук1ана гьенив сельсоветалъул председательлъун. Гьесда абулаан нусилбет1ерилан.***

***Нижер хъизаналда бук1ана 5-го лъимер. Гьезул бищун к1удияв вук1ана Башир. Гьев 1918 соналъ гьавуна Буртунаялда.***

***Шабазотаралда бук1инч1о я школа, яги асли-ах. Бук1ана цого - цо «Ленпункт». Гьенир ц1ализарулаан ч1ах1иял чаг1и. Гьезде малъулаан хъвазе, ц1ализе ва г1урус мац1.***

***1922 соналъ Шабазотаралде т1аде жубана Хасавюрталъул г1орхъода бук1араб Ахдачкардум абураб г1андадерил росу (30-40 ц1араки ).***

***1938 соналъ Шабазотаралда рук1арал буртаби гочизаруна Кокрек росдаде аск1оре, Ахдачкардумалъулал - Хасавюрталде.***

***1944 соналъ, чачанал Ка захстаналде рит1ун хадусан Кокрекалда рук1арал буртабиги рит1ана Нажаюрталде, бук1араб маг1ишат-бук1аралъубги тун, щибго жо цадахъги босич1ого.***

***Нажаюрталде гочаразул г1емерал чаг1и хвана гьава-бакъ рекъеч1ого.***



***Хобал рухъизеги хварал рукъизеги гьениб г1уц1ун бук1ана хасаб комитет.***

***Бит1ун яшав-маг1ишат гьабизе байбихьараб мехалда, нахъе рач1ана чачанал. Гьанжеги буртаби, жидерго маг1ишат-яшавги тун цогидал бак1азде г1умру гьабизе рит1ана.***

***Гьезул цо къокъа х1ал гьабун, бит1ана лъараг1азул Батаюрт росдал раг1алда бугеб Юмашаул абулеб бак1алде.***

***Гьанже гьениб буртабазул 20-30 ц1араки хут1ун буго.***

Нижер пикру ккана Гъизилюрталде гочизе.

Гьал къоязда гьенибги батула буртабазул 140-150 ц1араки.

Дагьаб цебег1ан, ай, май моц1алъул байбихьуда ниж щвана гьаб макъалаялда бицен гьабулеб Узунтаралдеги Кокрекалдаги гьоркьоб бугеб Шабазотар абулеб бак1алде.



Гьенир цо борхатаб ракьул гох1алда, ругоан хваразул хобазда ч1варал дагьалго занал. Гьезул лъабгоялда хъван бугоан гьадин:

**Т1оцебеселда:** Г1абдулбакъил вас Х1асанх1ажи хвана 1932 соналъ.

**К1иабилелда:** Мах1мудил вас Х1ажимух1ама хвана 1955 соналъ

**Лъабабилелда:** Икох1асанов Къурбан Муртазг1алиевич 1968-1941 сонал (Гуни росу).

Цогидал занал руго чаран ганч1ил, кинаб бук1аниги хъвай - хъвай т1ад гьеч1ел.

Гьаб суратalда нужеда бихьулеб гох1алда буго гьеб авлахъалда яшав гьабун рук1арал буртабазул хабал-агьлу.

Жакъа росдал администрациялъулги, харабазул Советалъулги, г1олилазул къо къялъулги, жамг1иял х1аракатчаг1азулги пикру ккун буго, къо къаб заманалда гьеб хабал-агьлу сверун къазе.

Хадусан сапар бухьине буго Яхсай, Нажаюрт, Герзели росабалъе, буртабазул х1акъалъулъ гьезда лъалеб- толеб жо бугищан ц1ехезе.

Ц1акъго цересел буртабазул умумуз росу ккун бук1араб данхъадерил бак1алде щведал, гьениб, цо-к1иго заниялда зах1 матго гурони бихьулареб х1алалда бугоан нилъер яги г1араб х1арпазде данде кколарел х1арпаздалъун хъварал мухъал.

Цересел соназ цо-цо чаг1аз абулеб бук1ун буго гьеб булгаразул хъвай-хъвай бугилан. Х1акъикъат жакъаги лъалеб гьеч1о.

Тарихчаг1аз хъвалеб буго, т1оцебе Буртунай росу гьанжесеб Гъизилюрт районалъул Гелбахъ росдада г1агарда бук1ун бугилан, ва гьеб росдал г1адамал, имам Гъазимух1амадил буюрухъалда рекъон, бат1и-бат1иял бак1азде гочарал ругилин.

Цогидаз абулеб буго буртаби, Надиршагьил боял Гъунире г1агарлъулеб заманалда, маг1арухъа рехе рач1арал ругин, гьедин гьезул т1оцебесеб «бусен» бук1анин Данхъадерил росдада аск1об. Гьанже лъараг1азул тарихчаг1аз бицунеб буго Буртунаялъе къуч1 лъуравчи вугин Албурил вас Тонай. Гьелъ гьелда абулебги бук1ун бугин **Албуртонайилан.**

Гьелъул х1акъалъулъ хадусеб номералда бук1ине буго.

*М.Г1.Чупалаев.*

*Щодорлъи гьабе!*

# Борхьал гIемерлъун ругин бицунеб буго

СССРалъул заманалда хасал гIадамал рукIана загьруял борхьал гIезарулел ва гьезул загьру бахъулел (Гьеб загьруялъул батIи-батIияб унтабазде данде чIолел дараби гьарулаан). Доб заманалда бицен букIана ИчкIа росдал **«Хизгин»** ва **«Белешкин»** участоказде, хасгьабун, риччан ругин загьруял борхьал (кобра, эфа, гадюка ва гь.ц.).



Гьаб заманалда гьеб рахъалъул тIалаб гьабулеб гIуцIи бугин рагIинчIо, амма загьруял борхьаз гIадамазда гIемер хIанчIулеб букIин хIакълъулеб буго.

Гьедин, дагьал церегIан къояз Ленинаул росулъа гьитIинав васасда (ункъо сон) борхьица хIанчIана ва гьев хвасар гьавизе кIвана. Ахириял соназ гьединалго лъугьа-бахъинал ккана Дагъистаналъул цогидал районаздаги.

**Борхьица хIанчIарабго щиб гьабизе лъикIаб бугеб?**

Катаналъ яги чIартица хIанчIараб бакI бухьинеги, би къватIибе биччазеги ва ругъун бухIизеги бегьуларо. Ругъун бацIцIад гьабизе лъикIаб буго кIалалъ цIцIун (кIалалда ругъун гьечIони яги цаби сах ругони), ялъуни, щолеб бугони, мугъзада лъолеб къагIидаялда, банка яги стакан лъун. Гьеб кинабго гьабизе ккола хехго. Бищун лъикIаб буго борхьица хIанчIарав, хехаб къагIидаялда, тохтурзабахъе щвезавуни.

*РЕДКОЛЛЕГИЯ.*

*Дин ва г1умру*

# Тавбуялъул х1акъалъулъ



Тавбу абулеб жо – шарг1алда какараб жоялдаса шарг1алда бецц-раб жоялде вуссин буго; Аллагьасукьа х1инкъун, Аллагьа-се г1оло мунагь гьа-биялдаса рак1 бац-1ц1ад гьабиги буго. Тавбу гьаби абулеб жо – к1алалъ жо абун тей гуро, чер-халъ жо гьабун тейги гуро. Аллагьасукьа ц1акъ нечон, Бичасукьа ц1акъ х1инкъ-ун, квеш хьвадун араб г1умруялда хадуб ц1акъ рак1 бух1ун, гьабурабщинаб г1асилъиялдаса ц1акъ пашманлъун, арабщинаб квешлъиялдаса ц1акъ рек1екъ-лъун, т1ок1ав гьелде кидаго вуссунгут1иялде г1азму – къасд ц1акъ гьабун, кве-шаб тун, лъик1аб гьабун ч1ей буго.

**Тавбуялъул шурут1ал**

Гьарун арал мунгьаздаса пашманлъун вук1ин – **цо.** Аллагьасул ццим бахъи-налдаса х1инкъун, Аллагь к1одо гьавиялъе г1оло, гьеб х1алалда – (гьеб заманал-да) квешлъи – мунагь гьабич1ого тун вук1ин – **к1иго.**

Гьеб гьабун араб г1адинаб мунагьалде т1ок1ав киданиги вуссунгут1иялде къасд щула гьабун вук1ин – **лъабго.**

Кинниги как-к1ал г1адинаб закаг1ат-капарат г1адинаб Аллагьасул х1укъукъ-аздаса (налъи) дуда т1ад батани, гьебги рик1к1инч1ого г1еларо; налъи-ракъи, къисас-дият г1адинал г1адамазул х1укъукъулги рик1к1инч1ого тезе бегьиларо. Черхалданиги, диналдаги гьабураб г1айибниги, хъизан – рукъалда гьоркьоб гьабураб хиятниги, цебесан – нахъасан гьабураб гъибат-бугьтаниги – гьездаса-ги х1алаллъи т1алаб гьабич1ого г1еларо. Рес рекъеч1они, рес рекъараб мехалъ гьабизе бац1ц1адаб ният гьеч1ого г1еларо. Х1алк1оlареб жоялъул рахъалъ Аллагьасде х1ел – х1ел ц1акъ гьабун, гьелги рик1к1ине г1езе, лъик1аб г1амал г1емер гьабун, гьезулги мунагьал рахчагиян абун, гьезиеги истигъпар – дуг1а г1емер гьабун: «**Къиямасеб къоялъ гьелги дуца рази гьаре. Аллагь! Дунги дуца тархъан те, Аллагь!**» - абун гьарун ч1еч1ого г1еларо.

*Хадусеб бук1ине буго.*

## Кому положена бесплатная путёвка?




***Рассказывает адвокат Тимур Баязитов:***

1. Тем, кто имеет право на получение соцуслуг. Направление выдают Фонд соцстрахования и органы госвласти.

- Инвалиды и участники ВОВ, ветераны боевых действий;
- члены семей погибших вышеперечисленных категорий;
- награждённые знаком «**Жителю блокадного Ленинграда**»;
- работавшие на военных объектах в период ВОВ;
- инвалиды и дети-инвалиды.

2. Тем, кто имеет показания и обратился в Минздрав.

- Пациенты, поступающие из учреждений Минздрава и РАН, оказывающих специализированную медицинскую помощь;
- чернобыльцы;
- больные туберкулёзом;
- состоящие на диспансерном учёте дети с психоневрологическими, онко-гематологическими и офтальмологическими заболеваниями, заболеваниями опорно-двигательного аппарата и соединительной ткани, органов дыхания, пищеварения и эндокринной системы, нарушений обмена веществ.

*Газета «АиФ» №25, 2019г.*

***Спорт-инсанасул сахлъи***

# Футбол




Дагьал церегIан къояз Буйнахъск шагьаралда тIобитIана футбол хIаялъул турнир. ТIолгодунялалъул лъималазул футболалъул къоялда хурхинабураб ва 2007-2008сс. гьарурал гIолилазда гьоркьоб тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьал-лъана М.М. Пазаевасул МДЮСШялдаса командаги.(тренерал: АхIмад Иманшапи-ев ва Рашид Юсупов).

Нилъер гIолилазул командаялъ (2:I хIисабгун) бергьенлъи босана **«Анжи -Буйнахъск», «Анжи-Коркмаскала»** ва **«Анжи- Н.Дженгутай»** командабазда тIад.

Росарал балазул хIасилалда, нилъер гIолилазул команда бачIана тIоцебесеб бакIалде. Гьеб турниралда бищунго лъикI хIаравлъун вихьизавуна Н.Казанище-ялдаса Азамат Агъакеримов.

*Н.Алиукъаев.*

# Къалалъ лъикIалде рачунаро

Дагьал церегIан къояз Калининаул росулъ тIобитIана **«Къалалъ лъикIалде рачунаро»** ва **«ЛъикIал гьариязул къо»** абураб акция. Росдал библиотекаялъ-ул хIалтIухъабазул хIаракаталдалъун тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъа-на-районалъул Централияб библиотекаялъул,росдал гIуцIабазул хIалтIухъаби,-жамагIаталъул вакилзаби ва гIолилал.

Акция тIобитIаразул мурадлъун букIана гIадамазда гьоркьоб гьудул- гьал-магълъиялъул, вацлъиялъул бухьенал щула гьари, гIолеб гIелалда умумузул лъи кIал гIадатал лъазари ва гьел хIалтIизариялде г1олилал ахIи.

Гьеб данделъиялда кIалъазе рахъараз тIадчIей гьабуна гьитIинал ргъ къа-лаз кIудиял балагьазде цIазе бегьулел рукIиналда, цоцалъ берцин рукIиналъ, гьудул-гьалмагълъиялъулгун вацлъиялъул бухьеназ, гIагараб ракьалде, ВатIа-налде ва гIадамазде рокьи бижинабулеб букIиналда.

**«Дагъистан кинав вукIаниги тушманасда мутIигI гьабизе кIвечIо,щайгу-релъул,тIаде къо бачIараб заманалда,миллаталъухъ балагьичIого, гьелъ-ул халкъ цолъулеб букIиналъ»**,-ан абураб пикру загьирлъулеб букIана гьезул кIалъаязулъ.




Гьениб гIуцIун букIана рехсараб акциялда хурхарал тIахьазул выставкаги. Гье-динго, бокьараз гьариял хъвазе чIезабун букIана хасаб тIехь. Акциялъул гIезе-гIанго гIахьалчагIаз гьелда хъвана батIи-батIиял гьариял. Къоялъ халатбахъараб гьеб акциялда, тIобитIана цадахъаб чай гьекъей. Гьеб тадбиралде гIахьаллъараз, гьарана ва хасаб т1ехьалда хъвана гьединал данделъаби ризго тIоритIизе лъи-к1аб бук1инилан.

*Динуч ДИНАЕВ, Калининаул росу.*

БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95

Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова
Фотомухбир: Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо ХIайбаева
Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.
Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьюте-ралъул цехалда.
Графикалда рекъон, печа-талде кьураб заман 16.00.
Х1акъикъаталда печатал-де кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
Индекс: 51354
Заказ №252 Тираж 1430
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола